



## Kontakte Disability Rights Florida

Si oumenm ouben yon moun ou konnen nan pwoblèm pou n resevea teknoloji dasistans, ou mèt telefonnen n. Yon espesyalis admisyon ap mande w kèk enfòmasyon jeneral sou oumenm e yon rezime sou pwoblèm ou an. Enfòmasyon ou yo ap soumèt apre pou yo ka revwa. Sèvis nou yo gratis e konfidansyèl.

**ANLIY:** DisabilityRightsFlorida.org

**APÈL GRATIS:** 800-342-0823

**TDD:** 800-346-4127

### Kontak siplemantè nan Florida pou aktivite ki anrapò ak A.T.:

Florida Alliance for Assistive Services and Technology, ouben FFAST, se yon pwogram ki ofri diferan aktivite ki anrapò ak A.T., tèlke prete aparèy, demonstrasyon, reyitilizasyon, e fòmasyon. FFAST founi enfòmasyon e asistans, yo gen tou yon pwogram finansman ki disponib nan tout eta a. Jwenn plis enfòmasyon sou FFAST nan sit entènèt pa yo a nan <https://faast.org> osinon telefonnen yo nan 1-844-353-2278.

# Teknoloji dasistans (A.T.)



*Disability Rights Florida te fonde nan lane 1977 antan yon sistèm ki deziyen pou pwoteksyon e pledwaman (Protection and Advocacy, P&A) pou moun Florida ki gen andikap. Sistèm P&A egziste pou asire sekirite, byennèt, e reyisit moun ki gen andikap.*

Disability Rights Florida se yon òganizasyon san bi likratif ki finanse pa yon varyete sous. Pou yon lis konplè founisè fon, gade nan [www.DisabilityRightsFlorida.org/funders](http://www.DisabilityRightsFlorida.org/funders). Enfòmasyon ki founi isit la pa ni yon reprezantasyon jiridik ni konsèy jiridik.

**Disability Rights Florida**  
2473 Care Drive, Suite 200  
Tallahassee, Florida 32308  
800-342-0823 | TTY: 800-346-4127  
[www.DisabilityRightsFlorida.org](http://www.DisabilityRightsFlorida.org)



## Kisa A.T. ye?

Pou moun ki gen andikap, teknoloji dasistans amelorye aksesibilite nan edikasyon, anplwa, lavi otonòm, lwazi, e patisipasyon nan kominote a. Aparèy A.T. e sèvis A.T. founi yon soutyen ki esansyèl pou moun ki gen andikap.

### Egzanp aparèy A.T.:

- Aparèy oditif e aparèy ki avèti tètke aparèy nan zòrèy pou tande, sistèm dekout asiste, sonèt pòt ki limen, e alam ki vibre.
- Aparèy daksè nan òdinatè e telefòn, tètke klavye altènatif, lektè ekran, lojisyèl ki agrandi ekran an, e aparèy mobil ki gen app spesyalize.
- Èd pou lavi jounalye tètke batri kizin ak adaptasyon, vesèl, e èd pou abiye.
- Modifikasyon pou machin tètke ranp, isman, e kòmman manyèl.
- Aparèy pou mache e pou mobilite tètke chèz woulèt elektrik, kad pou mache, ti moto, e antrenè pou mache.
- Aparèy pou wè, tètke loup, afichè bray, dokiman ekri avèk gwo karaktè, e zouti etikèt taktil.
- Aparèy rekreatif e lwazi tètke jwenn adaptè ak enteriptè, ekipman espòtif adapate, e enstriman mizik ki aksesib.

### Egzanp sou sèvis A.T.:

- Evalye bezwen A.T. yon moun.
- Fòmè sou nouvo aparèy ouben sou fonksyon ki pa itilize nan teknoloji ki deja la.
- Pèsonalize, antretni, repare ouben ranplase aparèy A.T.
- Ede an dirèk yon moun ki gen andikap chwazi, jwenn, ouben itilize yon sèvis A.T.

*Ou dwe reflechi sou A.T. nan idantifye bezwen fonksyonèl yo pase sou andikap la. Kisa aparèy la ap ede yon moun ki gen andikap fè? Kèk egzanp se: èske l ap ede itilizatè a tape ouben li yon tèks, tande televizyon, konpoze yon nimewo telefòn, ouben leve kanpe pi fasil soti sou yon chèz?*



## Pwoteksyon e defans dwa [moun ki bezwen] teknoloji dasistans (PAAT)

Disability Rights Florida se yon sistèm ki deziyen pou pwoteksyon e pledwaman (Protection and Advocacy, P&A) pou moun Florida ki gen andikap. Sistèm P&A a egziste pou asire sekirite, byennèt, e reyisit moun ki gen andikap.

Otorize an vèti kongrè nan lwa sou teknoloji dasistans, sibvansyon PAAT founi fon bay DRF ou ede moun ki gen andikap e fanmi yo, gadò yo, defansè yo e reprezantan otorize yo jwenn aparèy teknolojik e sèvis teknoloji dasistans.

### Pou fè sa, DRF founi:

- Sèvis enfòmasyon e referans epi lyen pou teknoloji dasistans nan sit entènèt nou a
- Soutyen nan pledwaman e oto-defans
- Reprèzantasyon jiridik

Sèl moun ki gen andikap admisib pou sèvis nou yo. Sepandan, nenpòt moun gendwa kontakte Disability Rights Florida pou A.T. e jwenn enfòmasyon e referans sou sa ki konsène andikap. Finansman PAAT la pa pèmèt DRF peye teknoloji ouben sèvis dasistans pou kliyan nou yo.

## Ki lè pou w telefonnen DRF pou teknoloji dasistans?

- Ou se paran yon etidyan ki gen yon andikap e ki bezwen A.T. pou l resevwa edikasyon li dwe resevwa, e lekòl la pa p ofri aparèy la ouben sèvis la.
- Medicaid, Medicare, ouben yon lòt founisè asirans medikal refize ba ou yon aparèy ki medikalman nesèsè, tankou yon chèz woulèt ouben yon chèz pou douch.
- Yo refize ba ou yon amenajman tankou yon ranp ouben balistrad pou viv avèk plis endepandans nan anviwònman famiyal ou a.
- Ou se yon kliyan reyadaptasyon pwofesyonèl (vocational rehabilitation, VR) e w bezwen yon aparèy A.T. pou w jwenn ouben pou w reyisi yon travay, men konseye VR la pa p founi l nan kad IPE ou a.
- Ou bezwen resous ouben enfòmasyon sou teknoloji dasistans, oubyen sou lòt kalite sèvis pou w gen yon lavi otonòm.

